ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№47 (21.705) ● 2010 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 20, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

●Дыгъуасэ

Іуэхугъуэ куэд къызэщІиубыдэу

КъБР-м и хабзэубзыху орган нэхъыщхьэм дыгъуасэ иригъэкІуэкІа зэуІуІэр теухуауэ щытащ КъБР-м и Президентым КъБР-м и Парламентым Зэрызыхуигъаззм, ЗэуІуІэр къыщызэІуихым КъБР-м и Парламентым и Унафэщі Чеченов Ануар жиІащ Конституцэм къызэригъэувым тету республикэм и щытыкІэр, къэрал политикэм и унэтІыныгъэ нэхъыщхьэхэр кыхэщу ильэс кьэс Президентым Парламентым зэрызыхуигъаззр.

ЗЭГУЩІЭМ кърихьэлІащ Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым Къэбэрдей-Балъкъэрым и ІыкІуэу хэтхэр, КъБР-м и Правительствэм щыщхэр, Конституцэ, Арбитраж судхэм, КъБР-м и Суд Нэхъыщхьэм я унафэщІхэр, КъБР-м и Хэхаку комиссэм, Къэзыпщытэ-къэзыбж палатэм, Жылагъуэ палатэм я лЫкІуэхэр, ЦІыхухэм я хуитыныгъэр хьумэнымкІэ уполномоченнэу КъБР-м щыІэр, УФ-м и Президентым и лЫкІуэу Ипщэ Федеральнэ округым щыІэм и Аппаратым Къэбэрдей-БалъкъэрымкІэ и федеральнэ инспектор нэхъыщхьэр, сджапІэ нэхъыщхьэхэм, щІэныгъэ- къэхутакІуэ институтхэм, хабзэхьумэ ІэнатІэхэм я унафэщІхэр, кьалэ, районадминистрацэхэм я Іэтащхьэхэр, политикэ партхэм, творческэ жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэм, хьыбарегъащІэ ІэнатІэхэм я лЫкІуэхэр.

Республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен псалъэ щратым жиІащ КъБР-м и Парламентым Зэрызыхуигъаззм мыхьэнэ ин зэриІэр. Абы кьызэщІикъуэр 2009 гъэм зрагъэхьулІахэм я закъуэкъым, атІэ блэкІа илъэсиплІым ди республикэм и псэуКІар кьыхощ, апхуэдэуи 2010 гъэм, абы кьыкІэлыкІуэну илъэсхэм ди жылагъуэм и зыужьныгъэм и унэтІыныгъэ нэхъыщхьэхэмрэ хэкІыпІэхэмрэ щыгъэбезджылащ.

- Иджырей лъэхъэжэм дызэрыт жылагъуэ-политикэ, социально-экономикэ щытыкІэр, къэрал псоми хуэдэу, куэдкІэ ельытащ дунейпсо финанс кризисым, - жиІащ Къанокъуэ Арсен. - Нобэ дэ дылэжьэн хуей мэхъу мыльку лъабжьэшхуэ дыщимыІэ зэман гугъум. Ауэ абы кьедгъэльаухъэ хьунукъым псэукІэ дахэ, экономикэ зызыужьа зиІэ демократие жылагъуэ ухуэнар.

БлэкІа илъэсхэм мыхьэнэшхуэ зиІэ лъэбакъуэхэр тчащ властыр хэт дежкІи «зэІухауэ», жылагъуэм я пащхьэ щихь жэуаплныгъэр зыхищІэу, зиужь ит Іуэхуэхэр купщафІэрэ ефІакІуэ зэпыту щытынымкІэ. Экономикэ лъабжьэр нэхъ быдэ хьуащ, социальнэщэнхабзэ зыужьыныгъэр егъэфІэкІуэнымкІэ щыІэ хэкІыпІэхэр кьэдгъэтащ.

Къапщтэмэ, къызэІэткьуэж илъэсхэм экономикэр лъэбакъуэ нэхъ псынщІэкІэ бакъуэ зэрыхьуам и закъуэкъым зэдгъэхьулІар, атІэ жылагъуэм дежкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэхугъуэ куэд зэфІэдгъэкІащ.

Президентым и гугъу ищІащ иужьрей илъэсиплІым кьриубыдэу республикэм и мылькум хуэдитІым щІигъукІэ зэрыхэхъуам, абы и лъэныкъуэкІэ Ипщэ Федеральнэ округым хьихьэ щІыналъэхэм ящыщу апэ итхэм зэрыхабжам, Къэбэрдей-Балъкъэрым инвестиц проекту 20 зэрыщылажьэм, ууэныгъэ 130-рэ зэратам, лэжьапІэншэхэм я бжыгъэр нэхъ мащІэ зэрыхьуам, хьэрычэтыщІэ Іуэху цІыкІумрэ ику итымрэ хьарзынэу зэрызаужьам, нэгъуэщІхэми.

Къанокъуэ Арсен убгъуауэ тепсэльыхьащ политикэм, экономикэм, егъэджэныгъэм, узынщагъэр хьумэным, нэгъуэщІ ІэнатІэхэми щызэфІагъэкІа Іуэхухэмрэ дяпэкІэ зэлэжьын хуейхэмрэ.

2009 гъэр зи щІэзапІэ хъуа кризисым хиубыдами, я лъэр щІагъэху зэрымыхьунур, абии сэбэныпагъ гуэр кьыхэгъуэтэн зэрыхуейр (псалъэм папщІэ АПК-м зегъэужьыныр) жиІаш Къанокъуэм.

- Идкьырей политикэм кьыщагъэсэбэп псалъэхэр - къэрал кьудыкъущІапІэхэм я лэжьыгъэр къэгъэщІэрэщІэныр - ди гъащІэм хэпща хьун папщІэ дызэлэжьын диІэщ, - кьыпищащ аджкІэ Президентым. - Псом япэрауэ, дэтхэнэ зы цІыхуи жэуаплныгъэ пылъу ІэнатІэм пэрытын хуейщ; диІэ мылькур зыхуей хуэзэу кьэдгъэсэбэпныр Іэмал зимыІэщ; ипэкІэ дызэрыкІуэтэным жыдэжру дыхущІэкъупхъщ; хэкІыпІэхэр ерыщу убзыхуныр ди кьалэнщ; зи щІалэгъуэхэми, Іуэхум хэзыщІыкІэми кьыхалъхьэ жэрдэмхэр дэІыгъпхъщ. Ахэр тхуэзфІэкІын папщІэ дэ дыхуейщ щІэныгъэ куу, Іэзагъ ин зиІэ, зэманым декІу ІэщІагъэдгъэІхэм. Ахэр Урысейм, хамэ къэралхэм щыІэ школ нэхъыфІхэм щедгъэджэным, я Іэщ Іагъэм щыхедгъэгъэхьуэным мыхьэнэщхуэ иІэщ.

Президентым кьызэхуэса псори кьыхуриджащ республикэм и зыужьныгъэм зэкъуэту хуэлэжьэну. Абы папщІэ узыпэмылъэщым лъэпощхьэпо республикэм зэрыщымыІэр кьыхигъэбезджылыкІащ. КъыщынэмыщІауэ, КъБР-м и Іуэхур нэхъ жыдэжру дэгъэкІынымкІэ сэбэныпагъыщхуэ пылъу Кьанокъуэм кьытыщащ Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округ кьызэрыгъэрагъэпэщІар, апхуэдэуи УФ-м и Президентым гулыгъэ хэха кьызэрытлъигъэсыр жиІащ.

КъБР-м и Президентым и къэпсэльэныгъэр купщІафІэ зэрыхьуамкІэ фІыщІэ хуищІри, Чеченов Ануар кьыхигъэщащ абы и псалъэхэм республикэм и социально-экономикэ щытыкІэр нАІуэу кьызэрыщыгъэлъэгъуар, зыужьныгъэм и жыпхъэхэр ІупщІу кьызэрыхэщыр, ар республикэм ис псоми кьызэрыдащтэнур и фІэщ зэрыхъур.

Унафэм и проектыр кьызэращтэм теухуауэ псори здзарэзыуэ Іэ яІэтри, зэуІуІэр зэхуащІыжащ.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замир.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Зэрызыхуигъаззм и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент Къанокъуэ А. Б. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Зэрызыхуигъаззм кьыщыгъэувахэмрэ абы кьыщыгъэлъэгъуэ Іуэхухэмрэ дэІыгъын.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и комитетхэм кьалэн ящыщыбж Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Зэрызыхуигъаззм кьыщыгъэувахэр гъэззэщІэным хуэгъэза Іуэхухэм хэплъэныр япэ ирагъэщыну.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі ЧЕЧЕНОВ Ануар

Налшык къалэ
2010 гъэм гъатхэпэм и 19-м
№297-П-П

Гъатхасэм сом мелард 25-рэ хухах

КъБР-м и Президент Кьанокъуэ Арсен хэтащ видеоконференц щІыкІэу дыгъуасэ Урысейм и Правительствэм и Унафэщі Путин Владимир иригъэкІуэкІа зэІуІэм. Ар теухуауэ щытащ 2010 гъэм губгъуэ лэжьыгъэхэр егъэкІуэкІыным мэкъумэшыщІэхэр зэрыхуэхъэзырым.

«Мэкъумэш хозяйствэм федеральнэ бюджетым кьызхэкІыу 2010 гъэм сом меларди 100-м щІигъукІэ дэІэпыкъунущ. Абы щыщу сом мелард 25-р гъатхасэм хухахынущ, - жиІащ премьер-министрым.

Правительствэм апхуэдэу кьищтащ гъатхасэм и зэманым нэхъ щІэупщІэшхуэ зиІэ гъэсыныпхъэхэм я уасэр дэмыуейуэ зэгъеІыгъэнным хуэгъэза унафэ. Мэкъумэш продукцэ кьэзылэжьхэм я гъэсыныпхъэм и опт уасэм проценти 10 хуКІэрагъэхунущ.

«Къэралым и мэкъумэш лэжьакІуэхэм я Іуэхур дэгъэкІынымкІэ мыхьэнэ хэха зиІэ стратегие кьалэнхэм ящыщщ», - кьыхигъэщхьэхукІащ Путин Владимир. Правительствэм и Унафэщым эІуІэм хэтахэр щыгуфІэзэ ищІащ губгъуэ лэжьыгъэхэр ирагъэкІуэкІын папщІэ кьуажэдэхэм зэман кІэщІкІэ ират кредитхэм щхьэщатыкІ ахьыпэр процент 12-м нэсу игъэмэщІэну Урысей мэкъумэш банкым унафэ кьызэриштам. Абы кьыдэкІуэу, щыхуэм щхьэщатыкІым и процент 80-р федеральнэ бюджетым кьыхэкІ субсидиехэмкІэ хуапшынынущ. А мурадым сом мелард 14-м нэс трагъэкІуэдэнущ.

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущапхэ.

● АПК

КъБР-м мэкъумэш техникэр щагъэлъагъуэ

2006 - 2009 гъэхэм кьриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэшыщІэхэм сом зы мелардым щІигъу и уасэ техникэ зэмылІэужьыгъуэу 850-рэ кьащэхуащ. Мэкъумэш техникэмкІэ кьызэзыгъэпщІу Урысейм щыІэ Іуэхущапхэ нэхъ ин дыдэхэм ящыщ «Агромашхолдинг» компаниер я дэрэгъуу республикэм и машинэ-трактор парихэр кьагъэщІэрэщІэж.

Гъатхэпэм и 19-м «Агромашхолдинг» компанием снабженэмкІэ и «Прохладнэ» предприятиер ящыщ и хэщапІэм щигъэльэгъуэнущ технологие лъагэм тету мэкъумэш кьэкІыгъэхэр зэрызэрахьэ я техникэщІэр. Программэм хьэуу абы щытепсэльыхьынущ кьыдэзыгъахуэ Іэмалхэр АПК-м кьызэрыщыгъэсэбэпыпхъэм, хозяйствэхэм я машинэ-трактор парксэм я убзыхуэкІэм теухуа Іуэхугъуэхэм.

Гъэльэгъуэныгъэр КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскьыпхъэхэмкІэ и министерствэр я щІэгъэкъуэну кьызэрагъэпэщ.

САМЧЕНКЭ Светланэ.

«Анэм и щІыхь» медалыр тыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

Сабиитху, нэхъыбэ тэмэму зэрагъэсам папщІэ «Анэм и щІыхь» медалыр етын

Абдуллаевэ Жулдусхъан Нухь и пхъум - сабии 5-м я анэм
Баграмян Аннэ Николай и пхъум - сабии 5-м я анэм
Гындыгъу Жаннэ Алимбэч и пхъум - сабии 6-м я анэм
Дорохина Энэ Леонид и пхъум - сабии 5-м я анэм
Жаным ФэтІимэт Кырым и пхъум - сабии 6-м я анэм
ЛэкІэпщы Светланэ Ладин и пхъум - сабии 6-м я анэм
Насып Жанетэ Нэшэрдин и пхъум - сабии 6-м я анэм
Файзуллаевэ Гулчарэ Ансар и пхъум - сабии 6-м я анэм
Ярославцевэ Еленэ Иван и пхъум - сабии 6-м я анэм

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2010 гъэм гъатхэпэм и 15-м
№26-УП

Хъупсырокъуэ Хь. Хь. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІэныгъэмкІэ щыІхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэ лъапІэр фІэщыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

Хэкум и щІэныгъэм зегъэужьыным, Іэщ Іагъэ лъагэ зиІэ кадрхэр гъэхьэзырыным къаруушхуэ зэрырихьэлІам папщІэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэ лъапІэр фІэщын **Хъупсырокъуэ Хьызыр Хьэжбэчыр и къуэм** - Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и Правительствэм и деж «ЩІыхь Дамыгъэ» орденыр зэрихьэу щыІэ Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ институтым и унафэщІым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2010 гъэм гъатхэпэм и 16-м
№27-УП

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал наградэхэр тыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

Законхэр зэрагъэзащІэр, хабзэм зэрытетыр гъэбыдэнымкІэ ябгъэдэлъ фІыщІэм папщІэ икІи къэрал кІэуцІ органэм ильэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрыщылажьэм къыхэкІыу

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІыхь тхыльыр етын

Маргъущ Азрэт Анатолий и къуэм - къэрал кІэуцІ ІуэхухэмкІэ отделу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Бахъсэн районым щыІэм и унафэщІым,

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и юрист» цІэ лъапІэр фІэщын

Атмурзаев Рэмэзан Сулеймэн и къуэм - Къэрал кІэуцІ ІуэхухэмкІэ министерствэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм Экономикэм ехьэлІа щІэпхьаджагъэхэр зыхлэжьхэм япэщІэтыныжмкІэ и управленэм и унафэщІым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2010 гъэм гъатхэпэм и 16-м
№28-УП

Ерчэн Ж. Хьу. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и промышленностым щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэ лъапІэр фІэщыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и промышленностым зегъэужьыным зэфІэкІышхуэ зэрырихьэлІам икІи илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм папщІэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и промышленностым щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэ лъапІэр фІэщын **Ерчэн Жамболэт Хъусен и къуэм** - «Эрпак» акционер обществэ зэхуэщІам и генеральнэ директорым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2010 гъэм гъатхэпэм и 16-м
№29-УП

АфІэунэ А. І. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Щ1ыхь тхылъыр етыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

Илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм икІи республикэм и щакІуэ хозяйствэм зегъэужьыным зэфІэкІышхуэ зэрырихьэлІам папщІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩІыхь тхылъыр етын **АфІэунэ Амдул Іэмырбий и къуэм** - «ЩакІуэхэмрэ бдзэжьеящэхэмрэ я республикэ зэгухьэныгъэ» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и правленэм и тхьэмадэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2010 гъэм гъатхэпэм и 17-м
№30-УП

● Текіуэныгъэ-65 ● Фэеплъ

КЪЭБЭРДЕЙ

● Гъуэзджэ ● Щбгт кьыдкІыгъуэ ● Малъхьэдис



Сурэтхэр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

ДУНЕЙМ ДЫХЬЫВАХЬ

Иджыщ щызэхащэкІыр

Германием и журналистхэм, оппозицэм и партхэм ущІэ куэд кьыхуагъуэ зыхьумэжьнымкІэ министр Карел Теодор Тюгутенберг. Абыхэм ящІэну хуейщ Афганистаным и Къуажэ куейм ямыщ1 сэлэтхэм зэрымыщІэкІэ цІыху куэд зэрыщаукІам зэуэІ унафэщІхэр апхуэдэ къызэрыхьэфынум сыт хуэдизкІэ щыгъуаэу щытами.

Фигу къэдгъэкІыжьинци, нэгъабэ и фокІадэм Къундузым Германием и кхъухьлъатэхэр бомбэкІэ еуэри, мамру псэу щыІухи 142-рэ яукІат, Иджы парламентым комиссэ щхьэхуэ къызэригъэпэщауэ а Іуэхур зэхегъэкІ.

Мы махуэхэм

Гъатхэпэм и 20, щбгт

◆ Тунис Республикэм и лъэпкъ гуфІэгъуэщ - 1956 гъэм къэрал щхьэхуит хьащ.

◆ Илъэс 210-рэ и пэкІэ Италием и щІэныгъэлІ Вольт А. (1745 - 1827) электропкъыгъуэхэм я батарее кьигупсысащ. Ар щІэдзапІэ хуэхъащ электрокъарум и лъэхъэнэм.

Гъатхэпэм и 21-м тхьэмахуэ

◆ Щ1ым и дунейпсо махуэщ.

Гъэрэ щыІрэ зэхэкІын щІедзэ.

◆Лъэпкъ зэхэгъэж щІыным ебэныным и дунейпсо махуэщ.

◆ Сатум, цІыхухэм Іуэхугъэхьэзэ яхуэщІэным, псэупІэ-коммуналнэ хозяйствэм я лэжьакІуэхэм я махуэщ.

◆ 1918 гъэм Къэбэрдеймрэ Балъкъэрымрэ Совет властым щагъэуващ.

Гъатхэпэм и 22, блыщхьэ

◆Псым и дунейпсо махуэщ.

◆Балтие тендакъым хьумэным и махуэщ.

◆Гъатхэпэм и 22 - мэлыжьыхым и 1-хэм Венэ (Австрие) щызэхэтынущ хьэршыр мамыру къэгъэсэбэпным теухуауэ ООН-м и Комитетым и 49-нэ сессиер.

Планэкэр зыхьзхьэзыр **ГЪУЩІО Зарифи.**

Лъэпкъ Іуущыгъэ:

Щ1ыл1эк1ей нэхъ рэ к1уэдык1афІэ.

● Футбол

«Спартак-Налшык» - «Алания» - 2:1

Апхуэдэ бжыгъэ кьрикІуащ Урысей Федерацэм и премьер-лигэм щекІуэкІ зэхьэзэхуэм ипкъ иткІэ дыгъуэпщІыхь Налшык щызэхэта пэщІэдзэ зэІущІэм. Ди щІалэхэм ящыщу топхэр дагъэкІащ Шаницын Александррэ Гогуэ Гогитэрэ.

«Спартак-Налшыкымрэ» «Алания»-мрэ я щІалэгъуалэ гупхэр вэсэмахуэ Прохладнэ щызэздэжэгъуати, абыи хэгъэрейхэр щытекІуащ - 3:2. Налшыкдэсхэм къаэжаныкІащ Зрум Валерэ (тэунейрэ) Шалаев Олегрэ.

А зэІущІэхэм ятеухуа тхыгъэхэр ди газетым и къыкІэлъыкІуэ къыдэкІыгъуэм тетынущ.

ХЬЭТАУ Исльам.

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

● КъБР-м и Парламентым

Еджакlуэхэм я узыншагъэр егъэфlакlуэным теухуауэ

КъБР-м и Парламентым щекlуэкlащ республикэм и курыт школхэм щеджэхэм хуащlэ медицинэ lуэхутхьэзэр зыхуэдэм теухуа «Стол хъурей». Ар иригъэкlуэжащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщlым и къуэдзэ Саенкэ Татьянэ. Зэпещlэм хэзыщlа КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щlэныгъэмкlэ, Узыншагъэр хъумэныкlэ и министерствэм, ведомствэ щхьэхуэхэм я лыкlуэхэр.

ЗЭIУЩlЭР къыщыдзэIуихым **Саенкэ Татьянэ** къыхигъэщащ еджакlуэхэм я узыншагъэр зыхуэдэр къэрал унафэщlхэр зыгъэгъазэ lуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм зэращыщыр. Абы и щыхьэтщ мы гъэм и пэщlэдзэм Урысеим и педнатрхэм я зэгухьанысагъэр рэ У Ф-м и Къэрал Думэм Узыншагъэр хъумэныкlэ и комитетымрэ зэгъусэу ираГъэкlуэкlа зэlущlитlыр. Абыхэм щыгъэпсэлъыхьащ сабийхэм я узыншагъэр егъэфlакlуэным теухуауэ зэрыщlэ. Къыщlэнэ, Ф-м Узыншагъэр хъумэныкlэ, социальнэ зыужьныныгъэмкlэ и минист ерствэхэм ирагъэкlуэкlа къэхутэныгъэхэм къызэрагъэпэгъуамкlэ, ди къэралым еджакlуэ ныбжьым итхэм я процент 21,4-рщ зи узыншагъэр тэмэмыр, процент 58-р амбулаторэ кlэлъыплъныгъэ хуэныкъуэщ, процент 20,6-м сымаджэщхэм щеIэзэн хуейщ.

- Сабийм и узыншагъэр егъэфlэныгъэным хуэунэтlауэ ди республикэм и курыт школхэми лэжьыгъэшхуэ щегъэкlуэкlыпхэщ, - жиIащ Саенкэ Татьянэ. - Еджакlуэхэр сымаджэ хъуныр къызыхэкl щхьэусыгъуэхэм ящыщщ я махуэр тэмэму убзыхуэхэм. Къащтэмэ, Ф-м Узыншагъэр хъумэныкlэ, социальнэ зыужьныныгъэмкlэ и минист ерствэхэм ирагъэкlуэкlа къэхутэныгъэхэм къыз

●Фэеплъ

Псэухуи Апсным хуэпэжа

«Дысабийуэ, сощIэж, зэгуэрым шыхэм дыгъсу Гумиста псыхъуэм щIалэ щIыкIу гуп дыкъыщIэздзэжэрт. Ятп сыкъыщIауэ сыкъыздэкIуэм, гу лъыстащ тKIийуэ укъуэдия гъущI кIапсэ жаным сызэрыхуэжэр. ПсынщIэу зызэгъэщхъ кIапсэ щIагъым сыщIэкIащ, армыхъумэ си щхъэр пигъэлъэтыныр зыхуэIуа щыIэтэкъым...»

Ардзинбэ Владислав и гукъэкIыжхэм щыщ мы сатырхэр си щхьэм икIыркъым, ар щымыIэжу зэрызэхэсрэ. Зи гугъу ищIыж къэзыукъащIэм ГъатхэпэмкIэдзауэ абы къипсэуар, и нэгу щIэкIар, гугъу зэрехьар, игъжьар, къехьулIар къызэщIикъуэу къызэрысщыхьар арагъэнщ. Абы хуэзфэкIащ дунейм и картэм АпсныкIэ зэджэ къэралыгъуэ щхьэхуит хигъэувэн. Апхуэдэ щыкIэкIи дэтхэнэ зыми ди фIэщ ищIащ уемыгэзэщу зыхуащIэкъыр зыхъэкъуIэнур. Тхьидэджт ар, ауэ езыр псэууэ тхыдэм хыхьащ, лъэпкъым къыщIэхъуэ хэм яджым къахунгъэнащ.

«ЩхьэхуитынитI» щыжаIэкIэ, Абхъаз щыпалъэр си нэгу къыщIокъэ, «Апсны» жаIэу щызэхэсхкIэ, щхьэхуитынытIэм щIэбэныным и уаэр щIэрыщIэу зыхъэщIэ. Абхъаз лъэпкъыми фIыуэ ещIэж абы щIитар зыхуэздэмрэ зыхуэдизымрэ, иджы мис мы махуэхэм ар зэхъыхащ Апсныр зыми Iэщ1эмыпIэ къэралыгъуэ хъунымк и гъэзуэм тезыщIа лъэпкъ узэщIакIуэм IупIэжьыну, иужьрей гъэуганэ тригъэувэжьыну.

Абхъаз Республикэм и яп президент Ардзинбэ Владислав Григорий и кIуэр ильэс зыбжанэ хуэхъуэу сымэджат, ауэ щIыхьэ зэхэщIыкIыр хуэмыхьэзыру къыщIэкIат гъатхэпэм и 4-м къыIэрыхьа хъыбар гуауэм «Москва дэт Центральнэ клиникэ сымадджыщым и псэр щыхъэкIат Абхъазым и лъэпкъыкIэ щэджащэ, хэкупсэ нэс Ардзинбэ Владислав. Мы гъэм накъыгъэ мазэм абы и ныбжьыр илъэс 65-рэ хъуну арат...

Чрысейм и къалащхьэм щыIэу абы щыIупIэжахэм, хьэдэр Сыхъум къызэрашэж кхъухьлъатэм къыкIэлыкIуэтахэм яхэтащ ди Президент Къанокъуэ Арсен я пашэу КъБР-м щыщ къулыкъущIэ гуп, Москва щыпсэу адыгэ-абхъаз куэд.

Гъатхэпэм и 5-м пщIыхьащхьэм сыхьэтихьм Сыхъум аэропортым мин бжыгьэкIэ щыхуэхэр щыщIыжьэсат. Ущхх щIыIэ къызэпхидзу зэрыхуэжьамы, кхъухьлъатэр зэрыгуфэну игъэдаIэмыIэзэрщIыжьам ахэр. Абдеж щIгъэжьауэ щыгъуэ махуищыр зэфIэкIыхуу зи лъэ вакъэ изылъхьэ республикэм къынакъым Ардзинбэ и къэдащхьэм щхьэщэ хуимыдащIауэ.

Сыхъум къалэкум и Къэрал филармонием и унэм Абхъазым и яп президентым нужь дыдэ щыIупIэжахэм, цIыху мминищIкIэр къеклуIат. Дэтхэнэ зыми и Iыхьлы гъунэгъу дыдэ фIэкIуэда хуэдэу нэпс щIагъэкIырт. ПсалъэмакъыншIэу, дунейм ехьжам пщIэ зэрыхуащIыр сытки къагъэлъагъуэу, чэзу сабрыкIыхьжам зэрыхэтрагъэтемыхьэтьэу, жьыри щIэри зэкIэлъхьэужьу щIыхьэт пэшыщхъэм, уэз гъэгъа IэпплакIуэхэр дунейм ехьжам ящIыгъэ щIыхьэт щхьэщэ хуащIырт, Владислав и щхьэгъусэ Светланэ, ипхъу Мадинэ, Іыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ яхуэгуэзавэрт.

Пщэдджьжьым сыхьэтипщIым щIгъэжьагъэ мазэм сыхьэт 15-рэ дакьикъэ 20 хьуху зэпыуакъым Ардзинбэ зыльагъужьну хуейхэм я дэхэзекIуэр, Абыхэм яхэтащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и яп вице-президент, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **ХьэфIыцIэ Мухьэмэд**, ДАХ-м и вице-президентхэу **Тамазэ Анатолэзэ КIэрэшэт Мухьэдинрэ**, Шэрджэс Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Шэрджэс Мухьэмэд**, Абхъазым и лыкIуэу Сирием щыIэ **Абазэ (Маршэн) Шэрэф** сымэ, журналист, фоторепортер, оператор куэд.

ПшанэкIэ зэхэуэгъуэу фIэкIа умыщIэну, махуэ псом дунейр уфауэ щытащ. Жьы кьепщIэр хуадэмэ, къаруIэщIэлът, убэлэрыгъ мыхьуну. ЩыхуэхэмI и гуауэр дунейми зыхищIэ хуэдэ, узэшупсэ пщIащэр къыIэщIэ хурт, ауэ, ари нэрылъагъу хабзэ гуэрым тетти, кърикIуту кьахэщхакъым къызэхуэса къомым.

Сыхьэт 16-м и ныкъуэм щидзащ Абхъаз Республикэм и президент **Бэгъэнщ Сергей** кьызэуиха щыгъуэ пэкIум.

- Владислав и узынышагъэр фIэзэхьхар кхъэрат Iыщхьэу, лъэпкъ узэщIакIуэу ящыщытщхьэкIэтэр, щIыхьэфэм дэмыхуэзэ хуэдизу игъэву, акъыпрэ псэ къаркIэ зэригъэзахуэу, еш имыщIэу зэрыцэжьарами, ди лъэпкъым и бий кIуэфIыщIхэм къаулъэпхъэщэ Іужьгъуэу арами сщIэрэкъым, ауэ къэхъуар къэхъащ, - жиIащ Бэгъэнщым. - Узым къарууншэ щIадзэ къыщыхигъэщIэтащ. Ар политикт икIи дипломатт, къезлеяуэ хахуэт, телгушхуэныгъэ хэлът, и текIуэнытхэр ирикIи кIи гъжьтэнщэ т, и щIыхьхэр кIуэ пэтми кхъыбгъэ хьурт. Апхуэдэу зэрыщыытым псэхупIэ яритыртэкъым абы и жаг гъуэгуэхэм - Абхъазым и бийхэм. Ауэ сыт хуэдэ гугъуехьрэ хэкIыпIэнщагъэрэ иримыхьэIамэ, Ардзинбэ Владислав ахэр къэзгъэринэкIащ, и пьахэгъуэр текIуэныгъэм хуищащ.

ПэкIум къыщыпсэльащ Абхъаз Республикэм ЩIэныгъэхэмкIэ и Академием и тхьэмадэ **Ариставэ Шота**, ЗауэлI щыхьыт и музеиу Гудауэ дэтым и унафэщI **Джикирбэ Гугущэ** , Абхъазым и лыхьжьэ **Шинкубэ Аполлон**, нэгъуэщIэрэ, Адэр къызэрыпсэльар аб хъэзыбзэмк, ягу кьеуар, зи гугъу ящIыр тэрмэш хэмытуэ гурыIуэгъуэт - дунейм ехьжам зэрыуэарэзыр кьаIуатэрт.

- Абы и гъэуэ дытетынущ дэ псом. Ди щIэблэмэ абы и бэракъыр пьагэу яIэтыну сыщогуть, - хьэрпыибзэкIэ жиIам адыгэбзэкIэ къыщIигъужащ Абхъаз Республикэм и лыкIуэу Сирием щыIэ **Абазэ (Маршэн) Шэрэф**.

АдэкIэ къэпсэльапIэр хуит хуащIащ Абхъаз Республикэм и премьер-министр **Шамбэ Сергей**.

- Мы махуэхэм ди къэралыр мэщыгъэу. Дунейм ехьжащ пощтыгъэ, икIи къэралдэжьакIуэ, еджагъэшхуэ икIи узэщIакIуэ, хэкупсэ икIи абхъаз лъэпкъым и къуэ нэс Ардзинбэ Владислав. Абы и цIэр цIыхубэм щыгъупщэнукъым, абхъаз пащтыхьу щыта Леон хахуэ, лъэпкъыпIэ щэджащэжу Къыпшбий, Лакобэ Нестор сымэ я цIэхэр зэращыжыгъупщэм хуэдэу, Іыхьлы гъэнэгъуэ, ныбжьыкъэгъуэфIым хуэдэу фIыуэ зыдэзыгъэлъэгъуэ Владислав зэрыщыжыгъэ псоми кьыштхъэлъэ. Абы ригъэзыпIэкIа политикэр хуэнэтIат Абхъазыр зыми и унафэ щIэмыт къэралыгъуэ зэрыхьунми икIи емызэщу зыпэрыта а Іуэхэр екъуIэгъныгъэм хуищIэ хуэзфIэкIащ. И гъащIэм махуэ къэс кIэричу уз хьэтъэм Іэщ1эльами, ар хунэсащ Абхъазыр къэралыгъуэ щхьэхуиту дунейм ехьжам и къэралыгъуэ щIалэ щIыкIу гуп дыкъыщIэздзэжэрт. Ятп сыкъыщIауэ сыкъыздэкIуэм, гу лъыстащ тKIийуэ укъуэдия гъущI кIапсэ жаным сызэрыхуэжэр. ПсынщIэу зызэгъэщхъ кIапсэ щIагъэм сыщIэкIащ, армыхъумэ си щхъэр пигъэлъэтыныр зыхуэIуа щыIэтэкъым...»

Ардзинбэ Владислав и гукъэкIыжхэм щыщ мы сатырхэр си щхьэм икIыркъым, ар щымыIэжу зэрызэхэсрэ. Зи гугъу ищIыж къэзыукъащIэм ГъатхэпэмкIэдзауэ абы къипсэуар, и нэгу щIэкIар, гугъу зэрехьар, игъжьар, къехьулIар къызэщIикъуэу къызэрысщыхьар арагъэнщ. Абы хуэзфэкIащ дунейм и картэм АпсныкIэ зэджэ къэралыгъуэ щхьэхуит хигъэувэн. Апхуэдэ щыкIэкIи дэтхэнэ зыми ди фIэщ ищIащ уемыгэзэщу зыхуащIэкъыр зыхъэкъуIэнур. Тхьидэджт ар, ауэ езыр псэууэ тхыдэм хьхьащ, лъэпкъым къыщIэхъуэ хэм яджым къахунгъэнащ.

«ЩхьэхуитынитI» щыжаIэкIэ, Абхъаз щыпалъэр си нэгу къыщIокъэ, «Апсны» жаIэу щызэхэсхкIэ, щхьэхуитынытIэм щIэбэныным и уаэр щIэрыщIэу зыхъэщIэ. Абхъаз лъэпкъыми фIыуэ ещIэж абы щIитар зыхуэздэмрэ зыхуэдизымрэ, иджы мис мы махуэхэм ар зэхъыхащ Апсныр зыми Iэщ1эмыпIэ къэралыгъуэ хъунымк и гъэзуэм тезыщIа лъэпкъ узэщIакIуэм IупIэжьыну, иужьрей гъэуганэ тригъэувэжьыну.

Абхъаз Республикэм и яп президент Ардзинбэ Владислав Григорий и кIуэр ильэс зыбжанэ хуэмыхьэзыру къыщIэкIат гъатхэпэм и 4-м къыIэрыхьа хъыбар гуауэм «Москва дэт Центральнэ клиникэ сымадджыщым и псэр щыхъэкIат Абхъазым и лъэпкъыкIэ щэджащэ, хэкупсэ нэс Ардзинбэ Владислав. Мы гъэм накъыгъэ мазэм абы и ныбжьыр илъэс 65-рэ хъуну арат...

Чрысейм и къалащхьэм щыIэу абы щыIупIэжахэм, хьэдэр Сыхъум къызэрашэж кхъухьлъатэм къыкIэлыкIуэтахэм яхэтащ ди Президент Къанокъуэ Арсен я пашэу КъБР-м щыщ къулыкъущIэ гуп, Москва щыпсэу адыгэ-абхъаз куэд.

Гъатхэпэм и 5-м пщIыхьащхьэм сыхьэтихьм Сыхъум аэропортым мин бжыгьэкIэ щыхуэхэр щыщIыжьэсат. Ущхх щIыIэ къызэпхидзу зэрыхуэжьамы, кхъухьлъатэр зэрыгуфэну игъэдаIэмыIэзэрщIыжьам ахэр. Абдеж щIгъэжьауэ щыгъуэ махуищыр зэфIэкIыхуу зи лъэ вакъэ изылъхьэ республикэм къынакъым Ардзинбэ и къэдащхьэм щхьэщэ хуимыдащIауэ.

Сыхъум къалэкум и Къэрал филармонием и унэм Абхъазым и яп президентым нужь дыдэ щыIупIэжахэм, цIыху мминищIкIэр къеклуIат. Дэтхэнэ зыми и Iыхьлы гъунэгъу дыдэ фIэкIуэда хуэдэу нэпс щIагъэкIырт. ПсалъэмакъыншIэу, дунейм ехьжам пщIэ зэрыхуащIыр сытки къагъэлъагъуэу, чэзу сабрыкIыхьжам зэрыхэтрагъэтемыхьэтьэу, жьыри щIэри зэкIэлъхьэужьу щIыхьэт пэшыщхъэм, уэз гъэгъа IэпплакIуэхэр дунейм ехьжам щIыхьэт щхьэщэ хуащIырт, Владислав и щхьэгъусэ Светланэ, ипхъу Мадинэ, Іыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ яхуэгуэзавэрт.

Пщэдджьжьым сыхьэтипщIым щIгъэжьагъэ мазэм сыхьэт 15-рэ дакьикъэ 20 хьуху зэпыуакъым Ардзинбэ зыльагъужьну хуейхэм я дэхэзекIуэр, Абыхэм яхэтащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и яп вице-президент, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **ХьэфIыцIэ Мухьэмэд**, ДАХ-м и вице-президентхэу **Тамазэ Анатолэзэ КIэрэшэт Мухьэдинрэ**, Шэрджэс Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Шэрджэс Мухьэмэд**, Абхъазым и лыкIуэу Сирием щыIэ **Абазэ (Маршэн) Шэрэф** сымэ, журналист, фоторепортер, оператор куэд.

Пшанэ зэхэуэгъуэу фIэкIа умыщIэну, махуэ псом дунейр уфауэ щытащ. Жьы кьепщIэр хуадэмэ, къаруIэщIэлът, убэлэрыгъ мыхьуну. ЩыхуэхэмI и гуауэр дунейми зыхищIэ хуэдэ, узэшупсэ пщIащэр къыIэщIэ хурт, ауэ, ари нэрылъагъу хабзэ гуэрым тетти, кърикIуту кьахэщхакъым къызэхуэса къомым.

Сыхьэт 16-м и ныкъуэм щидзащ Абхъаз Республикэм и президент **Бэгъэнщ Сергей** кьызэуиха щыгъуэ пэкIум.

- Владислав и узынышагъэр фIэзэхьхар кхъэрат Iыщхьэу, лъэпкъ узэщIакIуэу щыIэщытщхьэкIэтэр, щIыхьэфэм дэмыхуэзэ хуэдизу игъэву, акъыпрэ псэ къаркIэ зэригъэзахуэу, еш имыщIэу зэрыцэжьарами, ди лъэпкъым и бий кIуэфIыщIхэм къаулъэпхъэщэ Іужьгъуэу арами сщIэрэкъым, ауэ къэхъуар къэхъащ, - жиIащ Бэгъэнщым. - Узым къарууншэ щIадзэ къыщыхигъэщIэтащ. Ар политикт икIи дипломатт, къезлеяуэ хахуэт, телгушхуэныгъэ хэлът, и текIуэнытхэр ирикIи кIи гъжьтэнщэ т, и щIыхьхэр кIуэ пэтми кхъыбгъэ хьурт. Апхуэдэу зэрыщыытым псэхупIэ яритыртэкъым абы и жаг гъуэгуэхэм - Абхъазым и бийхэм. Ауэ сыт хуэдэ гугъуехьрэ хэкIыпIэнщагъэрэ иримыхьэIамэ, Ардзинбэ Владислав ахэр къэзгъэринэкIащ, и пьахэгъуэр текIуэныгъэм хуищащ.

ПэкIум къыщыпсэльащ Абхъаз Республикэм ЩIэныгъэхэмкIэ и Академием и тхьэмадэ **Ариставэ Шота**, ЗауэлI щыхьыт и музеиу Гудауэ дэтым и унафэщI **Джикирбэ Гугущэ** , Абхъазым и лыхьжьэ **Шинкубэ Аполлон**, нэгъуэщIэрэ, Адэр къызэрыпсэльар аб хъэзыбзэмк, ягу кьеуар, зи гугъу ящIыр тэрмэш хэмытуэ гурыIуэгъуэт - дунейм ехьжам зэрыуэарэзыр кьаIуатэрт.

- Абы и гъэуэ дытетынущ дэ псом. Ди щIэблэмэ абы и бэракъыр пьагэу яIэтыну сыщогуть, - хьэрпыибзэкIэ жиIам адыгэбзэкIэ къыщIигъужащ Абхъаз Республикэм и лыкIуэу Сирием щыIэ **Абазэ (Маршэн) Шэрэф**.

АдэкIэ къэпсэльапIэр хуит хуащIащ Абхъаз Республикэм и премьер-министр **Шамбэ Сергей**.

- Мы махуэхэм ди къэралыр мэщыгъэу. Дунейм ехьжащ пощтыгъэ, икIи къэралдэжьакIуэ, еджагъэшхуэ икIи узэщIакIуэ, хэкупсэ икIи абхъаз лъэпкъым и къуэ нэс Ардзинбэ Владислав. Абы и цIэр цIыхубэм щыгъупщэнукъым, абхъаз пащтыхьу щыта Леон хахуэ, лъэпкъыпIэ щэджащэжу Къыпшбий, Лакобэ Нестор сымэ я цIэхэр зэращыжыгъупщэм хуэдэу, Іыхьлы гъэнэгъуэ, ныбжьыкъэгъуэфIым хуэдэу фIыуэ зыдэзыгъэлъэгъуэ Владислав зэрыщыжыгъэ псоми кьыштхъэлъэ. Абы ригъэзыпIэкIа политикэр хуэнэтIат Абхъазыр зыми и унафэ щIэмыт къэралыгъуэ зэрыхьунми икIи емызэщу зыпэрыта а Іуэхэр екъуIэгъныгъэм хуищIэ хуэзфIэкIащ. И гъащIэм махуэ къэс кIэричу уз хьэтъэм Іэщ1эльами, ар хунэсащ Абхъазыр къэралыгъуэ щхьэхуиту дунейм ехьжам и къэралыгъуэ щIалэ щIыкIу гуп дыкъыщIэздзэжэрт. Ятп сыкъыщIауэ сыкъыздэкIуэм, гу лъыстащ тKIийуэ укъуэдия гъущI кIапсэ жаным сызэрыхуэжэр. ПсынщIэу зызэгъэщхъ кIапсэ щIагъэм сыщIэкIащ, армыхъумэ си щхъэр пигъэлъэтыныр зыхуэIуа щыIэтэкъым...»

Ардзинбэ Владислав и гукъэкIыжхэм щыщ мы сатырхэр си щхьэм икIыркъым, ар щымыIэжу зэрызэхэсрэ. Зи гугъу ищIыж къэзыукъащIэм ГъатхэпэмкIэдзауэ абы къипсэуар, и нэгу щIэкIар, гугъу зэрехьар, игъжьар, къехьулIар къызэщIикъуэу къызэрысщыхьар арагъэнщ. Абы хуэзфэкIащ дунейм и картэм АпсныкIэ зэджэ къэралыгъуэ щхьэхуит хигъэувэн. Апхуэдэ щыкIэкIи дэтхэнэ зыми ди фIэщ ищIащ уемыгэзэщу зыхуащIэкъыр зыхъэкъуIэнур. Тхьидэджт ар, ауэ езыр псэууэ тхыдэм хьхьащ, лъэпкъым къыщIэхъуэ хэм яджым къахунгъэнащ.

«ЩхьэхуитынитI» щыжаIэкIэ, Абхъаз щыпалъэр си нэгу къыщIокъэ, «Апсны» жаIэу щызэхэсхкIэ, щхьэхуитынытIэм щIэбэныным и уаэр щIэрыщIэу зыхъэщIэ. Абхъаз лъэпкъыми фIыуэ ещIэж абы щIитар зыхуэздэмрэ зыхуэдизымрэ, иджы мис мы махуэхэм ар зэхъыхащ Апсныр зыми Iэщ1эмыпIэ къэралыгъуэ хъунымк и гъэзуэм тезыщIа лъэпкъ узэщIакIуэм IупIэжьыну, иужьрей гъэуганэ тригъэувэжьыну.

Абхъаз Республикэм и яп президент

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

● Щыхушхуэхэм я гупсысэхэр

Пщlэншэу бгъэкlуа дакъикъэр

Хуэмыхум сытым дежи гугъуехьхэр зэрыгъэзэхуэжу аращ.

ГЕСИОД, *алыдж усакlуэ.*

Куэдрэ гупсысэм хэкlыпlэфl кьиргъуэтыркъым.

ГЕТЕ Иоганн, *нэмыцlэ усакlуэ.*

Зыгъэпсэхугъуэ кьыпхуихуэну ухуеймэ, зэманыр пщlэншэу умыгъэжlуэ.

ФРАНКЛИН Бенджамин, *америкэ политикэ пэжыжкlуэ, щlэныгъэлl.*

Зыри зигу иримыхь цlыхур куэдкlэ нэхъ насыпышэщ, зыми ягу иримыхь цlыхум нэхърэ.

ЛАРОШФУКО Франсуа, *франджы тхакlуэ.*

Пщlэншэу бгъэкlуа дакъикъэр кlуэда lуэхущ.

ЧЕСТЕРФИЛД Филипп, *инджылы къэрал пэжыжкlуэ.*

Тхылъ зыщlэмылъ унэр псэ зыхьмыт Iэпкьлъэпкъым ещхьщ.

ЦИЦЕРОН Марк, *урым философ.*

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

Малъхъэдис

● Пщlыхьэпlэхэм къарыкlыр

Хъер ухъу

Бохьшэ. Уи жыпым иль бохьшэм ахьшэ дэзу пщlыхьэпlэу плъагъуэмэ, насып къоуэлэну араща, уи мурадхэри кьохъулlэнщ.

Бохьшэр нэщlмэ, зи ужь уит Iуэхур купщlэншэ хьунущ, абы уринэщхьеинущ.

Бохьшэр бгъэкlуэдау э уи нэгу щlэкlмэ, уи ныбжьэгъуэхэм уакъыгурымыlуэу гугъу уехьыну араща, гупсэхугъуэр пфlэкlуэдынущ.

Шыпсыранэ. Шыпсыранэм упхыкlыу, ауэ умысу у уепщlыхьмэ, зыгуэр кьохъулlэнущ.

Шыпсыранэм уисмэ, уи щхьэм ущыхуэмыарэзыж щытыкlэ урихуэнущ.

Дэ. Iэ кьэпщынту уи нэгу щlэкlмэ, фlы куэд кьызыпэкlуэну Iуэху и ужь уихьыну araщ. Кьищынэмыщlауэ, а пщlыхьэпlэр лъагъуныгъэм и нэщэнэщ.

Дэ пшхыуэ уепщlыхьмэ, екъулlэныгъэ уиIэну araщ. бзылъхугъэм дэ и пщlыхь кьыхэхуэмэ, зыпэмыплъа гурыфlыгъуэ кьыхукъуэкlынущ.

БЕТЫГЪУЭН ФатIимэ

Хьэжмурат и махуиплI

Хъыбар

УНАГЪУЭ гуэрым я нэхъыжьыр апхуэдизу Iущти, къуажэдэсхэр чэнджэщакIуэ къыхуэкIуэрт. Хьэжмурат (арат и цIэр) и унагъуэкIи, и мылъкукIи зыри думыгъуэну псэурт. Iэщ куэд иIэти, фермэхэр иухуат, хьупIэхэри зэригъэпщат. И цхэгъуэхэ Хьэлимэти псоми фIыуэ къалъагъурт. Ар хуэмыщIахэм ядэIэпыкъурт, псапэ ищIэу псэурт. ТIуми фIыгъуэ нэхъыщхьэу къалъытэр, я пхъуипIрат. Хьыджэбзхэм сыт хуэдизкIэ ящыгъфIыкIми, къуэ зэрамыIэр я жагъуэт.

Аущэ, зэманри кIуэрт, пхъуипIри къыдэкIуэтейрт. Узрамыгъэплъу дахэти, нысэ ящIыну абыхэм куэд къехъуапсэрт. Пхъу нэхъыжьым зэреджэр ХьэIишэтт, къыкIэлъыкIуэр Масирэтт, ещанэр Iэминатт, нэхъыщIэ дыдэр Iэсиятт. Илъэс зырыз нэхъ зэхуаку ямыIэурэ, псори унагъуэ ихьащ. Арати, бын гукъуэдэ хэмыту Хьэжмуратрэ Хьэлимэтрэ псэурт. Пхъурылъху бын ягъуэтыху, я гуфIэгъуэр тIуащIэщащIэ хъурт.

Махуэ гуэрым, гъатхэпэ мазэу, Хьэлимэт сымаджэ мэхъу. Унэгущэм уз мыхъужьын къеуэлIауэ къыщIокIри, дунейм ёохыж, Хьэжмурати дунеижьыр кIыфI къыщохъу. БынипIри зэблэкIыу адэм кIэлъоплъ, зыхуей хуагъазэ.

Псори хамэ унагъуэти, Хьэжмурати хъыджэбзхэр я унэ исыжыну унафэ яхуищащ. Апхуэдэурэ и закъуэ псэуащ ар илъэситху нэблагъэкIэ. И узынщагъэм тIэкIу къыхигъэзыхьу щыхуежьэм, мурад ищIащ и пхъуипIым я деж махуэ зырыз щыIэну. Я псэукIэ, я дуней тетыкIэ, яIэжь сытхэм нэхъыфIу щыгъуазэ зищIыну арат. ЗдэкIуэм лIы Iущыр егупсысащ и мылъкур химыгъэкIуэдэжу зэзыгъэзэхуэфыну кьилытэ малъхъэм къыхуигъэнэну.

ЛIыр нэсащ пхъу нэхъыжьым и деж. Уэрамым тетщи, зыбгъэдэт гъуцI сэрешхуэм йоплъри, йогупсис: «Мыбы мылъку якуэдщ, здахьынур ящIэжьыркъым, зэрапэсын си Iэщ фермэр?». Куэбжэм дохьэри, сабийхэр зэригъэгуфIэн кIэрэнкIэр иныгъыу здэщытым, ХьэIишэт кьильагъури, кьыбгъэдыхьащ. Адэм щыгуфIыкIыпэурэ хьащIэщымкIэ ишащ. Щэ адрейм щIэупщIэурэ, пщыхьащхьахуегъэзэкI хъуху щысащ. Хьэжмурат гъуэгу къыщIытеувам и щхьэусыгъуэр псэурт хуиIуэтащ.

- Фыслъагъуну сыкъе-хэ, сызыхуапэ си бынращ мылъкур зейр, - жэуап кьитащ Хьэжмурат.

- Уей, уи унэм щIэсу узыгъэшхэни къыпкIэлъыплъыни нэзмыгъакIуэм. Улахуэ тIэкIукIэ хэти нэжэнущ. Ар IуэхукIым...

ЛIым, мыбы зэрыщылейр кьыгурыIуэри, пщIантIэм къыдэкIыжащ. Ипхъу Iэсиятхэ я дежкIэ еунэтI. Гъуэгу тетыху адэр куэдым егупсысащ. «Мыбыи зыгуэр кьызжиIэмэ, дауэ сыхьуну?» - жиIэуэрэ нэсащ. Пхъурылъху быныр зэригъэгуфIэнэхэр иIыгъыу пщIантIэм щыдыхьэм, гу кьылъатэри псори кьыпежьащ. ЗдэщIэщымкIэ ирагъэблэгъащ, ерыскъы хьэзырри кьыхуащтащ. Куэд щIауэ гъуэгу тета адэр Iэфlу шхэри и Iуэху зытетыр жиIащ.

- Уэлэхьи, ар мы Iуэху, уэдауэ ущыт, тIэкIу узынщэ?

Хьэжмурат зэригъэщIэгъуэнур ищIэркъым - адрещыр узынщагъэм щIэупщIатэкъым. Зэхихар и гуапэ хъущ.

- ИджыпстукIэ сыхъарзынэщ. Си бынхэм я деж сыщыкIуэфкIэ, сыIейкIэм, ДаIыхьым и шыкуркIэ. СыIЕмэ, си мылъку тIэкIур кьызыхуэзгъэнэнум щхьэкIэ сочэнджащэ. ХимыгъэкIуэдэжу хэт зэригъэзэхуэн, жызоIэри.

ЩIалэр адэкIэ кьопсалъэ.

- Уэлэхьи, тшхьи диIэм, тщIэни догъуэтым, дызищIэри уольагъуэм. Жылэм дэсым дакъыхэжаныкIыу дыщымытми, зыми дельэIуркъым. Ди бын допIыж, дгъэхъуапсэркъым. Ауэ, ди адэ, мылъкущ нэхъыжьы уиIэхукIэ. Си адэ-анэр пасэу дунейм ехыжащ. Зи унагъуэ нэхъыжь исым сехъуапсэу сопсэу. КъэIыр, ди деж къани щыIэ. Тшхыр пшхынщ, тщIэр пльагъунщ, быныр тхуэбгъэсэнщ. Уи Iэщыр узыхуейм ет, сэ абы сыхущIэпIыркъым.

ЩIалэм и псалъэр гуапэ щыхъури, лIы Iущыр тэджыжащ. Абы, шэч хэмылъу, кьыщIи и малъхъэм щыщу хабзэ, нэмыс нэхъ зыхэлъыр, гущIэгъу, гулъытэ зиIэр.

КЪУБАТИЙ Борис.

● Лъэпкъ шхыныгъуэхэр

КIэртIофыщIэ жьэрыкуей

Халъхьэхэр (зы цIыку IыхьэI): кIэртIофыщIэ укъэбзауэ - грамм 325-рэ, бжьыкъэбзауэ - грамм 40, шыгъуу - грамми 4, тхъууэ - грамм 50, псы щIыIэу - грамми 150, джэдгыныщIэ кьудамэу - 3 - 4, шыбжий сыр хьэжауэ - узыхуейм хуэдиз.

КIэртIофыр яукъэбз, псы щIыIэкIэ ятхьащI, пIащIэу, хъуреиуэ яупщIатэ. Тебэм тхъу пралъхьэри градуси 120 - 130 хъуху кьаръэпль. Абы бжьын упщIэтар, кIэртIофр упщIэтар халъхьэ, шыгъуу, шыбжий пльыжь хадзэ, псы щIыIэ тIэкIу щIакIэри мафIэ щабэм тету зэIамыщIэу тебэм и щхьэр тепIауэ дакъикьи 10 - 12-кIэ ягъажьэ. Нужьыкlэ хуэсакьыурэ зэIащIэ. КIэртIофыщIэр дакьикъэ 15-кIэ хьэзыр мэ хъу. Ар жьа нэужь и щхьэр трахри джэдгын щIынэ кьудамэ тхьэщIахэр кьрагъэтIылъэкI, тебащхьэр трапIэкIри мафIэм темыту дакъикьи 5 - 6-кIэ щагъэт, мэ дахэ кьищтэн щхьэкIэ. Iэнэм щытрагъэувэкIэ джэдгын кьудамэхэр кьытрахыжри кIэртIофжьар тепщэчым иралъхьэ. Пщтыру яшх, пIастэ, чыржын е щIакхъуэ и гъусэу.

КIэртIофыр тебэм Iувыщэу иралъхьэркъым, кIэртIофр упщIэ тахэр зэхэжьыкIын щхьэкIэ.

КЪУБАТИЙ Борис.

Республикэм исхэмрэ ди хьэщIэхэмрэ ящIэн щхьэкIэ

КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэмрэ КъБКъУ-м и Адыгэ щэнхабзэ центрымрэ фрагъэблагъэ хабзэ хъуауэ гъэкъэ къыгъэрагъэпэщ «МафIащхьэтыхь» Iуэрыlуатэ-этнографие махуэшхуэм фащэуныну. Ар гъэрэ щыIэу щыгъэхI махуэм теухуащ икIи 2010 гъэм гъатхэпэм и 21-м Аохъаз-зым и щытыкIэкIыныр. ГуфIэгъуэм хиубыдэу Iуэрыlуатэ гупхэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и артист пажэхэмрэ зыкьагъэлъэгъэнущ, пасэрей джэгукIэхэр кьызэрагъэпэщынущ, лъэпкъ шхыныгъуэхэр ягъэхьэзырынущ.

Ди гуфIэгъуэ Iуэхуэхэм зыкъреврэгъэхьэлIэ! Абы щыщIидзэнур сыхьэт 13-рщ.

● Хъужъу

Дзэлыкъуэ куейм хьихьэ Къамылыкъуэ кьыщагъкIи щыпсэу Тхъэбысым Нэхуэр кьыщалъхьуэ махуэщи, дохьуэхьу

Псэм щыдгъафIэ, фIыуэ тлъагъу ди мамэ, ди нанэ дахэ, уи махуэщхуэмкIэ ды-нохьуэхьу! У зыныщагъэ бдыдэ уиIэу, уи щIэбгъэм я хьер, я ёхьулIэныгъэ плъагъуу, абыхэм уащыгуфIыкIрэ уи гукъыдэжьыр кьаIэту, дэрэжэгъуэм ущымыщIэу гъашIэ кIыхьутхъужьыну, уи Iэнэгур бейщи, и сэбэп кьокIыу куэдрэ укьыгтщэщыгтыну ди гуапэщ. Ди ущякIуэ, чэнджэщакIуэ, гъэсакIуэ Iумахуэм Тхъэм фIыгъу э ин кьыбгъэдилъхьэ.

Уи къуэ Аэзмэт, уи нысэ Маритэ, уи къуэрылъху Арианэ.

● Гушыlэхэр

Сщэнукъым

Мелуанырыбжэ щIалитI зэхуэщащ:

- Сэ апхуэдизкIэ сыкъулейщи, тенджызэ фIыщIэр зэрыщыту кьысхуэщхуэнущ.

- Уэлэхьи, си къуэш, а жыхуэпIэр сщэну зызмыгъэхьэзыр.

НэгъуэщI иIэжткъым

Школым къикIыжа щIалэр цIыкIум и адэр ёошхыдэ:

- Сыт математикэмкIэ «ТIу» къыщIэпхьар?

- НэхъыбэIуэхэм щыщ иIэжтэкъым егъэджакIуэм, - ет жэуап щIалэщIэм.

Фы лэжьыным хуагъасэу

● Гуапагъэ

«Нэхъыжьыр гъэлъапIи, уи щхьэ лъапIэ хъунщ», - жеIэ адыгэ псалъэжьым. Мы псалъэхэм ящIэлъ гупсысэ куур дэтхэнэ сабийми кьыгурыIуэу гъэсэн хуейщ. Абы теухуауэ кьалэнышхуэ я пщэ кьыдохуэ егъэджакIуэхэм. Лъэпкъ хабзэм тету, нэмыс кьязлъу сабийхэр кьэгъэтэджьынымкIэ псом хуэмыдзу жэуапльныгъэщхуэ кьатохуэ анэдэлъхубзэр езыгъэджэжм.

Ар къагурыIуэу я Iэнатlэр ирахьэкI Налшык кьалэ дэт курыт школ №11-м адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и егъэджакIуэхэм. Абыхэм я жэрдэмкIэ илъэс кьэс еджапIэм щрагъэкIуэкI лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм я шхыныгъуэхэр щащэ жармыкIэ. Абы кьыхаха ахъшэмкIэ саугъэт гуэрхэр кьыхуащхуэ школыр зыхиубыдэ хьэолэм щыпсэу унагъэ хуэмыщIахэм, зи закъуэу псэу жыкIэфэкIэхэм. Иджырей си чэзу жармыкIэр теухуат ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 65-рэ зэрырикъум.

ЕджакIуэ цIыкIухэр хущIэкъуащ щхьэж кьызыхэкIа лъэпкъым и шхыныгъуэ нэхъыфI дыдэхэр утыку кьыгъэрырахьэныж. Дэтхэнэ зы классми езым я плIанэпэ яIэжт. Сабийхэм Iэнэр егуГуу зэрагъэувар кьапшIэрт: тепхъуэ дахэхэр тельт, шхыныгъуэхэр тепщэчхэм дахэу зэгъэкIуауэ ильт. Дэтхэнэми жэуапльныгъэ пыльу я кьалэныр ягъэзащIэрт, ерыскъыхэм я уасэхэр кьыбжаIэрт, шхыныгъуэм и фIагъыр зыхуэдэми тепсэльхьырт.

Псом хуэмыдзу гуапэ тщыхьуащ мы гъэм жармыкIэм адэ-анэ куэд кьызэрырихьэлIар. Ахэр ядэIэпыкъуащ зэгъэкIуауэ щхьэкIэ кьызыхэкIа лъэпкъым я уасэхэр кьыбжаIэрт, шхыныгъуэм и фIагъыр зыхуэдэми тепсэльхьырт.

Псом хуэмыдзу гуапэ тщыхьуащ мы гъэм жармыкIэм адэ-анэ куэд кьызэрырихьэлIар. Ахэр ядэIэпыкъуащ еджакIуэ цIыкIухэм Iэнэхэр щагъэувым, апхуэдэуи шхыныгъуэ куэди ящхуащ. А махуэм жармыкIэм кьрахьэлIа шхыныгъуэхэр псори фIы дыдэу икIащ, ауэ ахъшэ нэхъыбэ къэзылэжьар 3-нэ «А» классым щIэс цIыкIуэрщ.

КъБР-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ Бекъан Масирэт зэрыжиIэмкIэ, я еджакIуэ цIыкIуэхэр сытым дежи жыджэру хэтщ жармыкIэм, ауэ мы гъэм хуэдэу шхыныгъуэ куэд кьыщрахьэлIа кьыхуэщIэжыркъым. «Си гугъэмкIэ, абы и щхьэусыгъуэр мы гъэм жармыкIэр зэпеуэ жыпхьэм иту зэредгъэкIуэкIарагъэнщ, - жиIащ Масирэт. - Адэ-анэхэри, егъэджакIуэхэри, еджакIуэхэри мы Iуэхум жзуапльныгъэхэм хэпльу бгъэдыхьащ. Псоми къагуроIуэ, жармыкIэм ахъшэ нэхъыбэ кьыхэкIмэ, зауэм, лжьыгъэм и ветеранхэр саугъэт ятхьэ лъапIэхэмкIэ зэрагъэгуфIэфынур. Си гугъэщ ди еджакIуэхэм гуапагъэ яхэлъу, фIы ялэжьыным хуэпабгъэу къэхъуныжмкIэ апхуэдэ Iуэхухэр сэбэпу. Щэч хэмылъуи, арауэ кьыщIэкIынщ адэ-анэхэми я щхьэ Iуэху кьагъанэу жармыкIэм зыкьыщIрагъэхъэлIар, сабийхэри ягъэгушхуэу, гуфIэджакIуэхэми дэIэпыкъуэгъу яхуэхъуу».

КЪАГЪЫРМЭС Анетэ.

Псалъэзэблэдз

ЕкIуэкIыу: **4.** Совет Союзым и ЛIыхъужь, адыгэ кхъухьлъатэзехуэ хахуэу щыта. **7.** Гъэм и зэман нэхъ дахэ. **8.** СомипщI. **9.** ЩIэтIысыкIыу лъабжьэм кьинэ, зыгуэрым и кIэух. **12.** Нарт хьыджэбз тхьэIухуд. **14.** ЫркубзэМ ирипсалъэхэм ящыщу Къэрэшей-Шэрджэсым щыпсэу лъэпкъ. **15.** Шыбэкlэ даутIыпщыкIа, пхъэIэщэр зыльэмыIэса щIы. **16.** Сабийхэр жэмым зэреджэ щIэ. **17.** Бахъсэн куейм щыIэ кьуажэ. **19.** Зыгуэрым ещхьу тхьылъымпIэм тращIыхь, гъущIым, мыкъэм, нэгъуэщIхэм кьыхащIыкI. **21.** Къапльэным нэхърэ нэхъ цIыкIу, джэду лъэпкъым хабжэ хьэкIэжхъуэкIэхэм ящыщ псэущхьэ Iэл. **24.** И тепльэкIэ мыIэрысэм ещхь, мэ дахэ зиIэ пхъэщхьэмыщхьэ лIэужьыгъуэ.

25. УсакIуэхэм, тхакIуэжэм я тхыгъэхэм кьытращIыкIыу артистхэм утыкум щагъэльагъуэ. **26.** Даур Аслъэнрэ Мэшбащэ Исхьэкъурэ я уэрэд.

Къехьу: **1.** Дунейм щыяпэу адыгэхэм зи хущхьуэгъуэ кьагъуэта узыфэ шынагъуэ. **2.** ГъущIыкIэ лъапIэ. **3.** Биим и мылькуу, Iэщэ-фащэу текIуахэм кьаIэрыхьэр. **5.** Хэмыгъуэщэн щхьэкIэ джэдкъазэхэм, я пIащэ ящыгъуэ-быдыкIа гуэр паупщIкIэрэ, традзэ дамыгъэ. **6.** Нэхъыжьхэм кьашIэхъуэ, я пIэм иувэ ныбжьыщIэ, щIалэгъуалэ. **10.** Адыгэ лIыхъужь уэрэд. **11.** Куэду бэгъуа, пэрыхьэт. **13.** Хугу гъэлыгъуар гъэвауэ форэ тхъукIэ зэхэщIэжауэ ящI адыгэ шхыныгъуэ. **14.** ...здэщымыIэм насыпи щыIэкъым. **18.** Гъэмахуэ зэманым Iэщхэр щаIыгъ бгъыльэ хьупIэ. **20.** Кьалэ, кьуажэ кIуэцIэм унэ зэхуакухэм зэрыщызекIуэ гъуэгу. **21.** Махуэцlэ. **22.** Джэдхэр щымыкIэцI маху. **23.** Адыгэш нэхьыфI дыдэхэм ящыщ.

Зэхэзэныльхьар
УЭРЫШ Нурхьэлийщ.

Гъатхэпэм и 6-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкIуэкIыу: **7.** Хьарбыз. **8.** Уэрдыхьу. **9.** Кьаншауэ. **11.** Тырнауш. **16.** Пшагъуэ. **17.** Хьэ. **18.** Лъэ. **19.** Шырыкъу. **21.** Ету. **23.** Бзу. **25.** Пхъы. **26.** Шэджагъуэ. **28.** Хьэкъырш. **31.** ЛантIэ. **32.** Дамэду. **35.** Кьазынэ. **37.** Жьей. **38.** Сыр. **40.** Кхъулэ. **42.** Тхъурыжь. **43.** Гуль. **45** Акъ. **46.** Дыркъуэ. **49** Тхъурымбэ. **50** Кьзбыстэ. **51.** Лъэныкъуэ. **52.** КIэпхын.

Къехьу: **1.** Щихь. **2.** Сэхэу. **3.** Гуращэ. **4.** Мыжуэрэ. **5.** Нэмыплъ. **6.** Iуданэ. **10.** Абгъуэ. **12.** Урыху. **13.** Пшынэ. **14.** Кьатхъэнсулыкъу. **15.** Мысыр. **20.** Ибэ. **22.** Щыхь. **24.** Уэлий. **25.** Пхъэпс. **26.** Щыд. **27.** Афэ. **29.** Кьаз. **30.** Шхуэ. **33.** Ажахьуэ. **34.** Ужьэ. **35.** Къур. **36.** Налкъут **39.** Сытхьу. **41.** Чынт. **44** Лъэбакъуэ. **45.** Ашэмэз. **47.** Щыынэ. **48.** Пыпхэ. **51.** Лъыхьу. **53.** Ныш.

Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ
ЖЬЭКIЭМЫХЬУ Маринэ
РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР
Хьэфыщ Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Ширдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Гъурыжь Мадинэ (жэуап зыхь секретарь), ГъущIо Зариф, Къардэн Маритэ, Ныбжьэ Таисэ, Хьэжыкъарэ Алик.

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, егъэуанэ - епщIанэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхуэхэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъашIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэмэ Iуэхущ1анIэхэм ядэлэжьэныкъуэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ писымохэмкIэ - 42-22-88; ехъулIэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ1анIэм - 42-26-41; суэрэтехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пжьагъымкIэ аэр зытхаэм нэсу жэуап ях. Авторхэмрэ редакцмрэ я Iуэху епльыкIэр эзтекуэ эныту щыгъкъым.
Газетыр Iэ тезыдахэм яхуэхьынар и пщэ дальщ КъБР-м федеральнэ иощт эныщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 42-06-51, 42-19-59.
Газетыр щяныкIэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.
Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъаэм и 16-м №Н-0065-м щIэту ягъуэщ.
Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.
1905 гъэм щыIа Революцэм и цIэр зезыхьэ Республикэ полиграфкомбинат, Налшык къ., Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Эллэ, редактору Ныбжьэ Таисэ, корректорхэу Афэ Тамарэ *(1, 3-нэ нап.)*, Цей Заирэ *(2, 4-нэ нап.)*, корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу Иуан Заирэ. *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ:* Мэлбахъуэ Анжелэ, *суэрэтыщI* Бицу Жаниэ.
Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер Iнатlэм щагъэхьэзыращ.
Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.
Индексыр 51531●Тираж 10.125●Заказ №744